# Mipanda yemazita (Noun classes)

**Mupanda 1**
Munowanikwa mazita anechekuita nevanhu.
Chivakashure ndi /mu-/ kana /mw-/ sokuti murume mu- + -rume mwene mw- + -ene mueni mu- + -eni mweni mw- + -eni

**Mupanda 1a**
Mazita emupanda uyu haana chivakashure.
Kana zvakadaro chivakashure chinomirirwa naø- (null prefix) zvingorewa kuti neChiShona "chivakashure (prefix) hachipo (null)".
Munowanikwa mazita chaiwo evanhu,mhuka, Mwari etc (maProper nouns)
sokuti: Tenzi ø- -tenzi
Sahwira ø- -sahwira
Tinotenda ø- -tinotenda

**Mupanda 2**
Mazita emumupanda 1 anenge ava muuzhinji.
Chivakashure ndi/va-/ kana /v-/ kana dzitsi richitanga nemavara /-a-;-e-;-i-;-o-;-u-/
sokuti:
vanhu va- + -nhu
vene v- + -ene vana
v- + -ana

**Mupanda 2a**
Mazita ari mumupanda uye ane chivakashure /va-/
kuChiManyika chivakashure anenge ari /a-/ (usakanganisike nechivakashure /a-/ chechiZezuru chirimumupanda 2b)
sokuti:
VaShe va- + -she
aShe a- + -she
Vatete va- + -tete
atete a- + -tete

Ziva kuti pane mutsauko pakati pechivakashure cheChiManyika /a-/ na/a-/ veChiZezuru.
Sezvinoratidzwa nezvirevo zveChiManyika zvizere:
Atete angu achauyano mangwana. AShe angu oye!

**Mupanda 2b**
Mazita emupanda uyu ane chekuita nevanhu uye ane chivakashure /a-/ CheChiZezuru
sokuti:
ambuya a- + -mbuya
amai a- + -mai

**Mupanda 3**

Mupanda uyu unovanikwa zvinhu zvakarebenuka
sokuti
muswe,
mugoti
namuti.
Munowanikwawo mazita anechekuita nezvinhu zvisingabatiki
sokuti
mweya.
Munowanikwawo mazita akaita savana moto namoyo.
Chivakashure chemupanda uyu ndi /mu-/ kana /mw-/ kana /m- kana dzitsi richitanga na /-a/,/-e/,/-o/ sokuti: mw- + -eya mw- + -edzi m- + -oto mu- + -ti mu- + -goti

**Mupanda 4**

Chivakashure chemazita emupanda uyu ndi /mi-/ kana /m-/ kana /mw-/.
Munowanikwa mazita anenge abva mumupanda 3 ava muuzhinji
sokuti:
mi- + -goti migoti
mi- + -ti miti
Panewo mamwe manzwi emumupanda 3 okuti tikaaisawo muuzhinji anongoramba akadaro. Sokuti:
mwe- + -dzi mwedzi iyi
m- + -oto moto iyi

**Mupanda 5**

Mazita mazhinji emupanda uyu haana chivakashure chiri pachena kunze kwemazita mashoma akafanana narize
sokuti:
ri- + -ze rize.
Chivakashure chinotorwa kubva kusungawirirano yemazita emupanda uyu anowa /ri-/ sokuti jira iri. Madzitsi emupanda uyu anotorwa kubva pamazita ari mumupanda 6 anowa ari mazita emupanda 5 anenge ava muuwandu.
Sokuti
kana riri jira kana awanda tinoti machira. Zita rekuti machira riri mumupanda 6 uye dzitsi racho anenge ari -chira. Saka tichitevedzera zvatataura pamusoro zita rokuti jira rakaumbwa sezvizvi:
jira (ri-) + -chira
banga (ri-) + -panga
(dzitsi rakatorwa mumupanda 6) gudo (ri-) + -kudo
Panewo mazita anotanga na/z-/ uyo anenge ari chivakashure chisingatsananguri (primary prefix) z- uyu anomiririwa nari- kana dzitsi richitanga na/- a,-e, -i/
sokuti:
ziso (ri-) + -iso
zino (ri-) + -ino
zen’e (ri-) + -en’e

Cherechedza kuti /z-/ uyu akasiyana na/zi-/ wemumupanda 21 anowa chivakashure chinotsangangura sokuti zimukwende.

**Mupanda 6**

Munowanikwa mazita emumupanda 5 anenge awa muuzhinji. Chivakashure chemazita emupanda uyu ndi/ma-/
sokuti:
mapanga ma- + -panga
makudo ma- + -kudo
mabwe ma- + -bwe

**Mupanda 7**

Mazita emupanda uyu anechivakashure /chi-/ kana /ch-/ ndokunge dzitsi richitanga nenzvovera
sokuti:
chitoro chi- + -toro
choto ch- + -oto

**Mupanda 8**

Munowanikwa mazita emumupanda 7 anenge ava muuzhinji. Chivakashure chemazita emumupanda uyu ndi/zvi-/ kana kuti /zv-/ ndokunge dzitsi richitanga nenzvovera
sokuti:
zvitoro zvi- + -toro
zvoto zv- + -oto

**Mupanda 9**

Mumupanda uyu munowanikwa mazita anoita sarikutaurwa nemumhuno sokuti imba, mbudzi,huni na huku.
Chivakashure chemupanda uyu ndi/N-/. Vamwe vana mazvikokota veShona vanoti chivakashure chemupanda uyu ndi/i-/ vamwe vachiti ndiø-. Iwe unofanira kungosarudza chivakashure chimwechete pane izvi vochishandisa pakupa mhinduro dzako mubvunzo
sokuti:
imba N- + -mba
huni N- + -huni
mbudzi N- + -mbudzi
hama N- + -kama
huku N- + -kuku

**Mupanda 10**

Mupanda uyu une mazita emupanda 9 anenge ava muuzhinji sokuti: dzimba dzi- + -mba dzimbo dzi- + -mbo Chivakashure chemupanda uyu ndi/dzi-/ asi vamwe vana mazvikokota veShona vanoti chivakashure chemupanda uyu ndi-/N-/ kufanana nechivakashure chemupanda 9.

**Mupanda 11**
Chivakashure chemupanda uyu ndi/ru-/ zvichienderana nechikandamazeko chemunhu chivakashure chemupanda uyu chinogona kuva / rw-/ kana dzitsi richitanga nemavara anoti /-a,-e,- i,-o/
sokuti:
ruoko ru- + -oko
rwizi rw- + -izi
rudzi (ChiManyika chinoreva gavi/rwodzi) ru- + -dzi

**Mupanda 12**
Chivakashure chemupanda uyu ndi /ka-/ chinova chivakashure chinotsanangur kudukupa kwechinhu. Chivakashure ichi chinoshandiswawo pakushora chinhu chiri kudaidzwa nezita ichi
sokuti.
karume ka- + -rume
kamba ka- + -mba

**Mupanda 13**
Chivakashure chemazita emupanda uyu ndi/tu-/ kana kuti /tw-/ dzimwewo nguva /twu-/. Mumupanda uyu munowanzowanikwa mazita emupanda 12 kana achinge ava muuzhinji
sokuti:
turume tu- + -rume
twurume twu- + -rume
tumba tu- + -mba
twana tw- + -ana

**Mupanda 14**
Chivakashure chemupanda uyu ndi /u-/,/hu-/ kana /hw-/. Mumupanda uyu munowanikwa mazita akabva pahunhu hwevanhu kana mabasa evanhu
sokuti:
uroyi u- + -royi
hukoti hu- + -koti
hwambo hw- + -mbo

**Mupanda 15**
Mazita ari mumupanda uyu akabva muzviito uye akavakwa zvakasiyana nemamwe mazita. Maumbirwo emazita emupanda 15 ku- (infinitive formative) + -mudzi wechiito- + nzvovera/vara rekupedzisira -a (terminal vowel)
sokuti:
kuba ku- + -b- + -a
kumhanya ku- + -mhany- + -a

**Mupanda 16**
Mazita ari mumupanda 16 anoratidza nzvimbo. Ane chivakashure /pa-/
sokuti:
pachivanze pa- + -chivanze
pamba pa- + -mba

**Mupanda 17**
Mazita arimumupanda uyu anechivakashure /ku-/ uye anoratidza nzvimbo
sokuti:
kumba ku- + -mba
kuzasi ku- + -zasi

**Mupanda 17a**
Mazita emumupanda uyu anoratidza nzvimbo uye haana chivakashure chiiripachena.
Kushaikwa kwechivakashure kunomiririrwa naø-
sokuti:
zasi ø- + -zasi
mberi ø- + -mberi

**Mupanda 18**
Munowanikwa mazita anoratidza nzvimbo zvakare asi anenge aine chivakashure /mu-/
sokuti.
mumba mu- + -mba
mujeri mu- + -jeri

**Mupanda 19**
Munowanikwa mazita erurimi rweChikaranga. Chivakashure chinenge chiri /sv-/ kana /svi-/
sokuti:
svikomana svi- + -komana
svana sv- + -ana

**Mupanda 21**
Chivakashure chemazita emupanda uyu ndi/zi-/ ichi chivakashure chinotsanangura
kukura kwechinhu kana kutuka
sokuti:
zimbwa zi- + -mbwa
zibaba zi- + -baba